

Chanjman nan kote yo depoze elèv edikasyon espesyal aprelekòl

Nan kèk ka, paran ak gadyen ka bezwen yo depoze pitit yo aprelekòl yon kote ki diferan ak kote yo pase pran pitit yo nan maten an. Paran/Gadyen elèv ki resevwa transpò pou edikasyon espesyal ta dwe ranpli **Fòm pou chanjman nan kote yo depoze timoun aprelekòl *Change of After School Drop Form*** pou mande yo depoze pitit yo aprelekòl yon kote ki pa menm ak adrès kay yo. Règleman pa egzije pou yo depoze yon elèv aprelekòl okenn lòt kote apa lakay li; y ap apwouve demann sa yo si gen sèvis la disponib nan zòn lan. Si li disponib, **li pran 10 jou ouvrab pou yo chanje yon pakou pou yon lòt demann.** OPT ap fè tout efò l pou satisfè demann sa yo depi yo ranpli kondisyon sa yo:

- Elèv la dwe kalifye epi li dwe ap resevwa transpò pou edikasyon espesyal.
- Yo ka depoze elèv la nan yon sèl adrès diferan pandan menm semèn lan.
- Nouvo adrès y ap depoze elèv la dwe nan borough timoun lan abite a.

Pou ede nou evalye ak finalize demann ou an, sonje pou:

- Ekri enfòmasyon yo byen klè.
- Mete nimewo ID elèv la.
- Siyen fòm lan (paran/gadyen oswa lòt moun ki responsab timoun lan).
- Fè notarye fòm lan.
- Poste oswa fakse l nan adrès ki sou fòm lan.

Yo dwe soumèt demann pou chanje kote yo depoze elèv aprelekòl la chak ane. Ou dwe fè yon demann apa pou ete a. Pou elèv ki gen yon demann kounye a ki deja nan dosye, OPT poste yon fòm chanjman ajou bay paran an jen pou sèvis pandan ete a ak an jiyè pou sèvis pou septanm.

Si w bezwen èd, tanpri kontakte **Sèvis kliyantèl OPT nan (718) 392-8855.**



OFFICE OF PUPIL TRANSPORTATION
 44-36 Vernon Boulevard 6th Floor
 Long Island City, N.Y. 11101
 (718) 392-8855

Chanjman nan kote yo depoze elèv edikasyon espesyal aprelekòl

Kote yo depoze elèv apre lekòl se yon sèvis Depatman Edikasyon Department of Education(DOE)ki pa fè pati egzijans legal pou ofri pitit ou mwayen transpò.
Y ap apwouve demann sa yo si sèvis la nan borough elèv la abite a ak si gen sèvis ki disponib nan zòn lan. Si li disponib, li pran 10 jou ouvrab pou yo chanje yon pakou pou yon lòt demann.

TANPRI EKRI BYEN KLÈ AVÈK LÈT DETACHE

SE PARAN OSWA GADYEN AN KI POU RANPLI PATI SA A

Non elèv la (non, lèt inisyal dezyèm non, Siyati)		# ID elèv la ki gen 9 chif			
Adrès kay li		Nimewo telefòn lakay			
Vil		Apatman #		Eta NY	Kòd postal
Non lekòl la		Kòd 5 chif lekòl la			
Adrès lekòl la		Vil		Eta NY	Kòd postal
Non nouvo kote pou yo depoze elèv la aprelekòl (Egzanp Happy Day Care Center, Grandma's house)		Nimewo telefòn			
Adrès		Vil		Eta NY	Kòd postal
Jou nan semèn lan pou yo depoze elèv la kote sa a					
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
<input type="checkbox"/> Lendi		<input type="checkbox"/> Madi		<input type="checkbox"/> Mèkredi	
Non moun ki responsab pou rankontre elèv la kote sa a					
Dat ou mande pou yo kòmanse depoze elèv la nan nouvo kote a (Mwa-Jou-Ane)					
- - 2 0					

MWEN SÈTIFYE MWEN FÈ ARANJMAN AK MOUN/LEKÒL/SANT YO DEKRI PI WO A, POU RANKONTRE OTOBIS K AP DEPOZE PITIT MWEN AN NAN ADRÈS MWEN ENDIKE A NAN JOU KI ENDIKE YO EPI MOUN KI GEN SIYATI L PI BA A DAKÒ POU L RANKONTRE PITIT MWEN AN PANDAN L AP DESANN OTOBIS LA NAN ADRÈS KI PI WO A.

► Siyati Paran/Gadyen	► Dat
► Siyati moun ki responsab pou rankontre elèv la nan adrès ki pi wo a	► Dat

Non notè a:	Nimewo anrejistremant:	Dat ekspirasyon sètifika notè:
Sèmante devan m nan dat (MM-JJ-AAAA)	► Siyati/So ofisyèl Notè piblik la	
- - 2 0		

**FAKSE FÒM KI NOTARYE a nan (718) 784-9827 oswa nan (718) 784-3234 oswa POSTE L NAN ADRÈS ki nan TÈT FÒM SA A
 ATTENTION: AFTER SCHOOL DROPS**

Si w bezwen èd, tanpri kontakte sèvis kliyantèl OPT nan (718) 392-8855.